

AVI SOU PRATIK PRIVÉ

Dat li entré anvigè: 1é Jiyè, 2014

AVI SA A ÉKSPLIKÉ KIJAN NOU KA SÈVI AK ENFÒMASYON MÉDIKAL OU É KIJAN NOU KA DÉVWALÉ LI É KIJAN OU KA JWENN ENFÒMASYON SA A. SILVOUPLÈ ÉKZAMINÉ LI AK ANPIL ATANSYON.

OBLIGASYON NOU OSIJÈ ENFÒMASYON MÉDIKAL:

Nou konprann ké enfòmasyon pwotéjé sou santé'w (enfòmasyon médikal) sé yon bagay pèsònèl. Nou angajé pou nou pwotéjé enfòmasyon médikal sou santé'w. Avi sa a apliké a tout dosyé sou santé'w ké nou pwodui, swa sé nou menm ki fè yo oswa sé lòt doktè ou amplwayé lopital. Lòt klinik swen santé ka gen règléman, oubyen avi, ki diféran osijè dé sa yo fè avèk enfòmasyon médikal ou, é kijan yo dévwalé yo lè sé yo menm ki jénéré yo.

Avi sa a ap di'w kijan nou ka sèvi avèk enfòmasyon médikal ou, é kijan nou ka dévwalé yo. Nou ékspliké dwa ou ak sèten obligasyon nou genyen osijè itilizasyon é dévwalman enfòmasyon médikal.

Lalwa égzijé pou nou:

- Kinbé enfòmasyon médikal ou privé.
- Ba'ou avi sa a osijè obligasyon légal, ak pratik privé nou genyen konsènan enfòmasyon médikal ou.
- Apliké avi sa a ki anvigè kounyé a.

NOU KA SÈVI É NOU KA DÉVWALÉ ENFÒMASYON MÉDIKAL OU YO POU NOU KA BAY TRÈTMAN, FÈ PÈMAN, OUBYEN POU ÉDÉ NAN FONKSYÒNMAN SWEN SANTÉ.

Katégori suivan yo ékspliké kèk fason diféran nou ka sèvi ak enfòmasyon médikal ou, épi nou ka dévwalé yo tou pou nou ka, swa bay trètman, swa fè pèman, oswa édé nan fonksyònman swen santé.

Trètman: Nou ka sèvi ak enfòmasyon médikal ou pou nou ba'ou trètman médikal ak lòt sèvis. Nou ka dévwalé enfòmasyon médikal ou bay lòt doktè, enfimyè, téknisyen, étidyan médsin, oubyen pèsònèl swen santé, k'ap patisipé nan swen ou nan 'Borinquen Medical Centers of Miami-Dade'. Pa égzanp, yon doktè k'ap édé'w jéré maladi Sik ou, ka bezwen konnen si ou gen maladi kè, paské maladi Sik ka afékté maladi kè. Oswa, doktè a ka bázwen di yon nitrisyonis nan yon lopital kè ou fè Sik, si ou té entènè lopital, pou lopital ka ba'w manjé ki apwoprié pou ou. Nou ka dévwalé enfòmasyon médikal ou bay yon lòt founisè swen santé pou lòt founisè a ka trété'w. Pa égzanp, nou ka dévwalé enfòmasyon médikal ou bay yon espésyalist nan maladi mantal k'ap trété'w pou déprésyon.

Pèman: Nou ka sèvi ak enfòmasyon médikal ou é nou ka dévwalé li pou nou ka voyé yon bòdwo é réséwva pèman de ou menm, de yon konpayi asirans, oubyen de yon tyès pèsonn, pou trètman ak sèvis ou té réséwva de nou menm. Pa égzanp, nou ka bázwen bay enfòmasyon sou trètman nou té fè pou ou a yon rézo swen santé oubyen a yon konpayi asirans pou rézo swen santé'w la oubyen konpayi asirans ou a ka péyé nou oubyen ranbousé nou pou trètman'w la. Men tou nou ka di rézo swen santé'w la osijè yon trètman ou pral réséwva pou nou ka konnen alavans si plan asirans ou ap péyé pou trètman sa a. Oswa nou ka dévwalé enfòmasyon médikal sou ou bay yon lòt founisè swen santé, rézo swen santé, oubyen yon dépo santral swen santé pou aktivité pèman lòt founisè ou lòt pati sa a. Pa égzanp, nou ka dévwalé enfòmasyon médikal sou ou bay yon lòt doktè pou li ka réséwva ranbousman pou sèvis li té fè pou ou.

Fonksyònman Swen Santé: Nou ka sèvi ak enfòmasyon médikal ou é nou ka dévwalé li pou fonksyònman swen santé. Itilizasyon ak dévwalman sa yo nésésè pou nou jéré sant médikal nou an é pou nou asiré ké tout pasyan nou réséwva bon jan swen. Pa égzanp, nou ka sèvi ak enfòmasyon médikal pou nou égzaminé trètman ak sèvis

nou bay, épi pou nou méziré pèfòmans amplwayé nou yo é lòt moun k'ap pran swen'w tou. Oswa nou ka asosyé enfòmasyon médikal pliziè pasyan pou édé nou désidé ki lòt sèvis anplis nou ka bay, ki sèvis moun pa békwen, épi si sèten trètman tou nèf ap maché. Épitou nou ka dévwalé enfòmasyon bay lòt doktè, enfimyè, téknisyen, étidyan médsin, ak amplwayé lopital pou yo égzaminé é pou yo ka aprann. Oswa, nou ka ajouté enfòmasyon médikal nou genyen sou enfòmasyon médikal ki sòti nan lòt founisè swen santé pou nou ka konparé ki kalité travay nap fè pou nou ka wè kijan nou ka amélyoré swen ak sèvis nou ofri yo. Nou ka rétiré enfòmasyon ki idantifyé'w nan séri enfòmasyon médikal sa yo, pou lòt moun ka sèvi avèk yo pou étidyé swen santé é kijan pou yo bay bon swen santé, san yo pa békwen konnen non pasyan yo. Épitou nou ka dévwalé enfòmasyon médikal ou bay yon lòt founisè swen santé, rézo swen santé, oubyen yon dépô santral swen santé pou fonksyònman swen santé lòt founisè ou lòt moun sa a, si lòt founisè ou lòt moun sa a, swa genyen oswa té genyen yon rélasyon avèk ou. Pa égzanp, nou ka dévwalé enfòmasyon médikal ou bay yon lopital koté yo té trété'w pou yo ka évalyé kalité ak pwosésis amélyorasyon lopital sa a.

Aranjman Òganizasyon Swen Sante: Yon aranjman òganizasyon swen sante se yon aranjman ki genyen plizyè founisè swen santé rézo swen santé, oubyen dépô santral swen santé ki patisipé ladann. Nou ka dévwalé enfòmasyon médikal ou bay yon lòt pati ki patisipé avèk nou, nan yon aranjman òganizasyon swen santé. Pa égzanp, nou ka dévwalé enfòmasyon médikal ou bay yon lòt doktè ou lopital ki nan yon aranjman òganizasyon swen santé ansanm avèk nou pou lòt founisè swen santé a ka égzaminé désizyon swen santé nou té pran.

Fè Moun Sonjé Randévous: Nou ka itilizé é dévwalé enfòmasyon médikal ou pou nou kontakté'w, pou nou ka fè'w sonjé ou gen yon randévous pou trètman ou swen médikal nan biwo nou ou nan yon lopital.

Trètman Altènatif: Nou ka itilizé é dévwalé enfòmasyon médikal pou enfòmé'w de yon lòt trètman oubyen pou nou rékòmandé'w yon lòt kalité trètman altènatif ki ka entérésé'w.

Bénéfis ak Sèvis ki Konsèné Santé: Nou ka itilizé é dévwalé enfòmasyon médikal pou nou ka fè'w konnen bénéfis ak sèvis ki konsèné santé, ki ka entérésé'w.

Aktivité pou Kolékté Lajan: Nou ka sèvi ak ti kras enfòmasyon santé pou nou kontakté'w alavni pou nou ka kolékté lajan pou nou. Lajan nou kolékté a ap sèvi pou nou étann é amélyoré sèvis klinik ak pwogram nou bay kominoté a. Si'w pa vlé nou kontakté'w pou éfò nap fè pou kolékté lajan yo, sé pou'w notifyé "Borinquen Medical Centers of Miami-Dade" nan 3601 Federal Highway, Miami, Fl. 33137 alékri.

Moun ki Angajé nan Swen'w ou ki Péyé Pou Swen ou: Nou ka divilgé enfòmasyon médikal ou bay yon moun nou détèminé ki angajé nan swen médikal ou. Oswa nou ka bay yon moun ki édé péyé pou swen ou kèk enfòmasyon. Anplis, nou ka dévwalé enfòmasyon médikal ou bay yon pati kap asisté nan yon èd pou viktim yon katastwòf, pou yo ka notifyé fanmi'w osijè kondisyon'w, éta'w, é ki koté'w yé.

NOU KA ITILIZÉ É DÉVWALÉ ENFÒMASYON MÉDIKAL OU SAN OTORIZASYON'W ALÉKRI OUBYEN SAN YON OPÒTINITÉ POU NOU DAKÒ OU RÉFIZÉ ORALMAN NAN KÈK SITIYASYON.

Katégori suivan yo ékspliké kèk fason diféran nou ka sèvi ak enfòmasyon médikal ou, épi nou ka dévwalé yo tou nan kèk sitiyasyon san otorizasyon'w alékri oubyen san yon opòtinité pou ou bay akò'w ou pou'w réfizé aloral, osijè itilizasyon ak dévwalman enfòmasyon médikal ou.

Daprè Lalwa: N'ap dévwalé enfòmasyon médikal ou lè lalwa, swa lwa fédéral, lwa léta, oswa lwa lokal.

Zafè Santé Biblik: Nou ka dévwalé enfòmasyon médikal ou pou zafè santé biblik. Kèk aktivité ki nan bagay sa yo sé: rapò pou voyé bay otorité santé biblik yo pou yo ka fè prévansyon é pou yo ka kontrolé maladi, blési ou enfilité, é an menm tan rapòtè tout bagay konsa yo, épi fè rapò sou kantité nésans ak lanmò, é voyé rapò alé bay dépatman ki kontrolé kalité tout manjé ak médikaman (Food and Drug Administration).

Viktим Abi, Négligians, ou Vyolans Adomisil: Nou ka dévwalé enfòmasyon médikal bay otorité gouvènman sou yon moun nou kwè ki sé yon viktim abi, négligians, ou vyolans adomisil.

Aktivité Sipèvizon Santé: Nou ka dévwalé enfòmasyon médikal bay yon ajans ki sipèvizé zafè santé pou aktivité ki otorizé pa lalwa. Nan aktivité sipèvizon sa yo gen, pa égzanp, odit, ankèt, enspéksyon, ak bay lisans. Aktivité sa yo nésèsè pou gouvènman an ka kenbé zyé sou sistèm swen santé a, sou pwogram gouvènman yo, é sou konfòmité ak lwa dwa sivil yo.

Pwosè Jidisyè é Administratif yo: Si'w nan yon pwosè nan tribinal oubyen nan yon mézantant, nou ka dévwalé enfòmasyon médikal ou si tribinal bay lòd pou nou fè sa. Épitou nou ka dévwalé enfòmasyon médikal ou si nou résévwwa yon manda pou konparèt, ou yon demann pou bay enfòmasyon sou prèv, oswa nenpòt ki lòt pwosè légal yon lòt moun ki sé yon pati nan mézantant sa a té jénéré, men sèlman si moun k'ap chèché enfòmasyon sa a té fè tout éfò pou'l fè'w konnen ké li té mandé enfòmasyon sa a, oubyen si li té jwen yon lòd pou pwotéjé enfòmasyon'w yo.

Entansyon Fè Obéyi Lalwa: Nou ka divilgé enfòmasyon médikal ou bay lapolis nan sèten sikontans. Sikontans sa yo enkli, men yo pa limité a, yon répons a yon lòd tribinal, yon manda pou konparèt, yon manda-darè, ou yon pwosè tankou sa yo ; pou idantifyé yon sispèk, yon mawon, yon témwen ki enpòtan, oubyen yon moun ki disparèt; pou bay enfòmasyon sou yon moun ki viktim dé yon krim si, nan sèten sikontans limité, nou pa kapab résévwwa akò moun nan ; osijè yon lanmò nou kwè té ka rézulta yon krim ; osijè mové zak yon moun nan biwo nou an oubyen andedan yon lopital koté nou t'ap trété'w ; é nan ka ijan pou rapòtè yon krim ; koté yon krim té fèt ou koté yon viktim yé ; oubyen idantité, déskripsiyon, ou koté moun ki té komèt krim nan yé.

Doktè Otopsi, Doktè Kadav, ak Direktè Antèman: Nou ka divilgé enfòmasyon médikal bay yon doktè otopsi ou bay yon doktè kadav. Sa ka nésèsè, pa égzanp, pou idantifyé yon moun mouri ou pou détèminé kòz lanmò a. Épitou nou ka divilgé enfòmasyon médikal pasyan nou bay diréktè antèman lè li nésèsè pou yo fè travay yo.

Rechèch: Nan sèten sikontans, nou ka itilizé é nou ka dévwalé enfòmasyon médikal pou rézon rechèch. Pa égzanp, yon pwojè rechèch ka mandé pou yo konparé santé ak géronz tout pasyan ki té résévwwa yon médikaman avèk pasyan ki té résévwwa yon lòt médikaman, pou menm maladi a. Sependan, tout pwojè rechèch gen pou yo pasé yon pwosédi espésyal pou yo résévwwa pèmisyon. Pwosè sa a évalyé yon pwojè rechèch ki pwoposé ak kijan li sèvi avèk enfòmasyon médikal, pou yo ésényé balansé békwen rechèch la avèk békwen pasyan yo genyen pou yo pwotéjé enfòmasyon privé médikal yo. Anvan nou itilizé oubyen dévwalé enfòmasyon médikal pou rechèch, pwojè a t'ap déjà finn apwouvé pa pwosè espésyal la ki té bay rechèch la pèmisyon, men nou ka, sépendan, dévwalé enfòmasyon médikal ou bay moun k'ap préparé pou yo fè yon pwojè rechèch, pa égzanp, pou édé yo chèché pasyan ki gen kèk bezwen médikal espésifik, toutan ké enfòmasyon médikal yo égzamine a pa janm sòti nan biwo nou ou nan lopital la. N'ap prèske toujou mandé pèmisyon espésifik ou si moun k'ap fè rechèch la ap gen aksè a non ou, adrès ou, oubyen lòt enfòmasyon k'ap fè yo konnen ki moun ou yé, oubyen si moun k'ap fè rechèch la ap ann afè ak swen ou nan biwo nou ou nan lopital la.

Pou Évité yon Ménas Grav a Santé ou Sékirité: Nou ka itilizé é dévwalé enfòmasyon médikal ou lè li nésèsè pou prévni yon ménas grav a santé é sékirité'w, oubyen a santé é sékirité biblik la ou sa yon lòt moun. Sependan, nenpòt ki dévwalman, ta sèlman bay yon moun ki kapab édé prévni ménas la.

Fonksyon Espesyalizé Gouvènman yo: Zafè militè ak vétéran: si ou sé manb fòs lamé oubyen ou té manb fòs lamé, nou ka divilgé enfòmasyon médikal ou nenpòt lè otorité kòmann militè yo mandé, oubyen lè se pou zafè vétéran yo. Épitou nou divilgé enfòmasyon médikal pèsonèl militè ki a létranje bay otorité militè kòrèk pa yo. Zafè sékirité nasyonal ak entélijans: Nou ka divilgé enfòmasyon médikal ou by ofisyé fédéral ki gen otorité pou dépatman entelijans, kontéspyonaj, é lòt zafè sékirité nasyonal otorizé pa lalwa. Sèvis pwotéksyon pou Présidan an ak pou lòt moun: nou ka dévwalé enfòmasyon médikal ou bay ofisyé fédéral ki otorizé pou yo kapab pwotéjé Présidan an ak lòt moun ki otorizé pou sa oubyen tou chef déta péyi étranje oubyen pou ka fè kèk ankèt espésyal. Sitiyasyon

prizon pa lapolis: si ou prizonyé nan yon prizon oubyen ou sou pwotéksyon yon polis, nou ka divilgé enfòmasyon médikal ou bay prizon an oubyen bay la polis.

Konpansasyon Travayè: Nou ka divilgé enfòmasyon médikal ou pou konpansasyon travayè oswa lot pwogram tankou li, ki bay bénéfis pou domaj oubyen maladi yon moun nan travay.

OU GEN KÈK DWA OSIJE ENFÒMASYON MÉDIKAL OU.
Ou gen dwa suivan sa yo osijè enfòmasyon médikal ou:

Dwa pou Mandé Restriksyon: Ou gen dwa pou'w mandé yon restriksyon ou limitasyon nan enfòmasyon nou itilisé ou dévwalé sou ou, pou trètman, pèman, ou fonksyònman swen santé. Épitou ou gen dwa pou ou mandé yon limit nan enfòmasyon médikal nou dévwalé sou ou bay yon moun ki ann afè ad swen ou oswa ak pèman pou swen ou, tankou yon manb fanmi ou zanmi. Pa égzanp, ou ta gen dwa mandé pou nou pa itilisé oswa dévwalé enfòmasyon sou yon opérasyon ou té fè.

Nou pa oblijé dakò ak demann ou. Si nou dakò, n'ap konfòmé ak demann ou Amwens ké nou bezwen enfòmasyon sa a pou ba'ou trètman ijan.

Pou'w mandé restriksyon osijè enfòmasyon médikal ki nan men Borinquen Medical Centers of Miami-Dade sé pou'w fè demann sa a alékri a Borinquen Medical Centers of Miami-Dade, 3601 Federal Highway, Miami, FL 33137. Nan demann ou a sé pou'w di nou (1) ki enfòmasyon ou vlé limité; (2) si ou vlé limité swa itilizasyon oswa dévwalman oubyen toulè de; epi (3) a ki moun ou vlé limite sa yo apliké, pa égzanp, dévwalman bay madanm/mari ou. Nou gen dwa révoké réstriksyon sa yo nou té dakò avèk yo.

Dwa pou ou Mandé Kominikasyon konfidansyèl: Ou gen dwa mandé pou nou komuniké avèk ou osijè zafè médikal nan yon sèten fason é nan yon sèten koté. Pa égzanp, ou gen dwa mandé pou nou kontakté'w sèlman nan travay ou pa lapòs.

Pou'w mandé komunikasyon konfidansyèl ak Borinquen Medical Centers of Miami-Dade, sé pou'w fè démann sa a alékri a Borinquen Medical Centers of Miami-Dade, 3601 Federal Highway, Miami, FL 33137. Nou pap mandé'w pou ki rézon ou fè démann sa a. N'ap akomodé nenpòt ki demann rézonab. Demann ou a oblijé éspésifyé kijan é ki koté ou ta renmen nou kontakté'w.

Dwa pou Enspékté é Kopyé: Ou gen dwa pou'w enspékté é pou'w kopyé enfòmasyon médikal ou. An jénéral, sa enkli dosyé médikal ak bòdwo, men li pa enkli nòt sikotérapí.

Pou'w enspékté é kopyé enfòmasyon médikal ki nan men Borinquen Medical Centers of Miami-Dade, ké yo ka itilisé pou pran désizyon osijè ka ou, sé pou'w fè demann la alékri à Borinquen Medical Centers of Miami-Dade, 3601 Federal Highway, Miami, FL 33137. Si ou mandé yon kopi enfòmasyon an, nou ka chajé yon frè pou sa'l kouté nou pou kopyé, posté, oubyen pou lòt matéryèl asosyé ak demann ou an. Nou ka réfizé demann ou an pou enspékté é kopyé nan sèten sikontans. Si yo pa pèmèt ou aksè a enfòmasyon médikal ou, nan laplipa sitiyasyon ou ka mandé pou yo égzaminé refi a. Si nou réfizé demann ou é si ou gen dwa pou'w égzaminé, yon lòt pwofésyonèl swen santé ki gen pèmi, é ké Borinquen Medical Centers of Miami-Dade chwazi, ap égzaminé demann ou a ak réfi a. Moun ki fè égzaminasyon an p'ap menm moun ki té réfizé demann ou an. N'ap konfòmé ak rézulta égzamen an.

Dwa pou Révizyon: Si ou kwè enfòmasyon médikal nou gen sou ou pa kòrèk ou pa konplè, ou ka mandé nou pou nou modifyé enfòmasyon an. Ou gen dwa mandé yon révizyon pandan tout tan enfòmasyon an nan men nou ou nan men yon moun ki kenbé'l pou nou.

Pou'w mandé yon révizon de Borinquen Medical Centers of Miami-Dade, sé pou fè yon demann alékri a Borinquen Medical Centers of Miami-Dade, 3601 Federal Highway, Miami, FL 33137. Épitou, sé pou'w bay yon rézon ki sipòte demann ou a.

Nou ka réfizé demann pou yon révizon ké ou fè a, si li pa alékri oubyen si li pa gen yon rézon ki sipòte demann lan. Épitou, nou ka réfizé demann ou a si ou mandé pou nou modifyé enfòmasyon ki :

1. Sé yon enfòmasyon nou pa té kréyé, amwens ké moun ou enstitisyon ki té kréyé'l la pa disponib pou fè révizon an;
2. Pa fè pati enfòmasyon médikal nou kenbé pou tèt pa nou ;
3. Pa fè pati enfòmasyon yo kapab pèmèt ou enspekté é kopyé; oubyen
4. Kòrèk é konplè.

Dwa a yon Kontabilité Dévwalman yo: Nan kèk sikontans, ou gen dwa pou'w mandé yon "kontabilité sou dévwalman ki pa-TPO". Sé yon lis dévwalman enfòmasyon médikal ou nou fè pou lòt rézon ki pa pou Trètman, Pèman, oubyen fonksyònman swen santé.

Pou'w mandé lis kontabilité dévwalman non-TPO sa a de Borinquen Medical Centers of Miami-Dade, sé pou'w fè yon demann alékri a Borinquen Medical Centers of Miami-Dade. Demann ou a oblijé bay yon péryòd tan ki pa ka plis ké sis ané é ki pa ka gen okènn dat anvan 14 Avril, 2003. Premyé lis ou mandé nan yon péryòd douz (12) mwa ap gratis. Pou lòt lis anplis, nou ka chajé'w pou sa'l kouté pou nou ba'ou lis la. N'ap notifyé'w dé pri a épi ou ka chwazi pou'w swa rétiré oswa modifyé demann ou a lè sa a, anvan li kouté'w anyen. N'ap voyé yon lis sou papyé ba'ou pa lapòs anvan trant jou apati dat ou té fè demann ou a, oubyen n'ap notifyé'w si nou pa té kapab founi lis la nan péryòd tan an é nan ki dat nou ka founi li ; sa p'ap dépasé 60 jou apati dat ou té fè demann la.

Dwa a yon Kopi Avi sa a sou Papyé: Ou gen dwa a yon kopi avi sa a sou papyé. Ou ka mandé nou pou nou ba'ou yon kopi avi sa a nenpòt ki lè si ou kontakté nou Réprézantan pou Sèvis bay Pasyan nan nenpòt biling Borinquen Medical Centers of Miami-Dade.

CHANJMAN NAN AVI SA A

Nou rézèvé dwa pou nou chanjé avi sa a. Nou rézèvé dwa pou nou fè dat avi révizé oubyen chanjé a anvigè pou enfòmasyon médikal nou déja genyen sou ou, otan ké nenpòt lòt enfòmasyon nou résévwwa sou ou alavni. N'ap posté yon kopi avi kouran an nan biling nou an. Avi sa a ap genyen nan prémyé paj la, nan mitan anlè, dat li anvigè a. Épitou n'ap ba'ou yon kopi avi kouran an lè'w mandé youn. N'ap posté avi sa a nan wèbsayt nou tou.

NOU PA DISKRIMINÉ OKÉNN PASYAN

Borinquen Medical Centers of Miami-Dade angajé pou li founi pasyan sèvis é pou li akéyi vizitè nan yon fason ki respékté, pwotéjé, é ankourajé dwa pasyan yo. Borinquen Medical Centers of Miami-Dade ap trété tout pasyan é vizitè k'ap résévwwa sèvis nan men nou oubyen k'ap patisipé nan lòt pwogram Borinquen Medical Centers of Miami-Dade, avèk égalité é nan yon fason akéyan, ki pa gen okenn diskriminasyon bazé sou laj, ras, koulè, kwayans, étnisité, rélijyon, orijin nasyonal, éstati marital, sèks, oryantasyon séksyèl, idantité ou eksprésyon séksyèl, andikap, vétéran ou éstati militè, ou sou okenn lòt baz entèdi pa lalwa fédéral, déta, ou lokal.

PLENT AK RAPÒ

Si ou kwè yo té vyolé dwa'w ou ka poté plent ba'nou oubyen bay "U.S. Department of Health and Human Services". Ou ka poté plent alékri lè ou voyé yon deskripsiyon plent ou an pa lapòs, pa faks, oubyen pa kouryé éléktwonik, oubyen ou ka di nou ki plent ou genyen an pèsòn ou pa télèfòn.



Ashley Desamours
Patient Relations Coordinator
Borinquen Medical Centers of Miami-Dade, Inc.
3601 Federal Highway
Miami, FL 33137
Telephone: (305) 576-6611 ext. 1608
Fax: (786) 476-2832

Silvouplè ékspliké sak té pasé épi ba'nou dat ak non nенpòt ki moun ki té gen pou wè ak plent sa a. Épitou, silvouplè, fè nou konnen kijan pou nou kontakté'w pou nou ka réponn plent ou an. Nou p'ap pini ou si ou poté plent.